



# Avantaj swen sante



Swen sante nan trete chòk oswa maladi ki gen pou wè ak travay se yon avantaj konpansasyon travay ou jwenn gratis, pou tout vi ou.

## APÈSI

Swen sante garanti kit ou pèdi lè travay ou pa oswa w ap resevwa avantaj pou salè travay ou te pèdi. Konpayi asirans pou konpansasyon travayè anplwayè ou a ap peye bòdwo medikal pou chòk oswa maladi ou a dirèkteman bay pwofesyonèl swen sante ou yo.

Si w pran yon chòk nan travay, di patwon ou sa, alekri, nan 30 jou. Epi tou ou fêt pou depoze yon **Reklamasyon Anplwaye (Employee Claim, Fòm C-3)** opre Konsèy Konpansasyon Travayè Eta New York la (Konsèy). W ap jwenn fòm yo sou sitwèb Konsèy la ([wcb.ny.gov](#)).

Pwofesyonèl swen sante yo dwe jwenn otorizasyon Komisyon an pou trete moun ki reklame konpansasyon travayè. Ou kapab chèche yon pwofesyonèl swen sante otorize sou sit entènèt Komisyon Konsèy la, [wcb.ny.gov](#). Si ou gen pwoblèm ak swen oswa si ou bezwen èd pou jwenn yon pwofesyonèl swen sante otorize, rele **Biwo Direktè Medikal Komisyón** Konsèy nan **(800) 781-2362**.

Ou kapab resevwa swen nan nenpòt klinik pwofesyonèl swen sante sa yo oswa nan klinik doktè pa ou si li gen otorizasyon Komisyon an.

Pwofesyonèl swen sante yo pral voye bòdwo bay konpayi asirans la dirèkteman. Pa peye okenn bòdwo medikal sof si Komisyon an pa aksepte reklamasyon w lan oswa ou pa pouswiv li. Doktè w yo ka mande w siyen yon avi (Fòm A-9) ki deklare ou pral peye bòdwo medikal ou yo si Komisyon an pa aksepte reklamasyon w lan, oswa si ou abandone dosye a avan yo aksepte li.

Pafwa ou bezwen otorizasyon davans, epi pwofesyonèl swen sante ou yo ap chèche jwenn li.

## REZO PWOFESYONÈL SWEN SANTE

An plis obligasyon pou itilize pwofesyonèl swen sante ki andedan rezo a, konpayi asirans yo ka etabli rezo ou kapab oblige itilize.

■ **Organizasyon Pwofesyonèl Swen Sante Prefere (Preferred Provider Organizations, PPO):** Konpayi asirans yo ka egzije pou w itilize PPO yo pou swen medikal ou. Konpayi asirans la dwe fè w konnen si li itilize yon rezo pwofesyonèl swen sante. Si ou pa satisfè ak swen PPO an, ou ka chwazi yon pwofesyonèl swen sante otorize deyò PPO a apre 30 jou tretman an.

■ **Rezo Dyagnostik:** Konpayi asirans yo ka egzije pou w itilize sant medikal rezo a pou tès dyagnostik (sof pou yon ijans medikal). Di pwofesyonèl swen sante ou a si konpayi asirans lan gen egzijans sa a.

■ **Famasi Rezo:** Konpayi asirans yo ka egzije pou w itilize yon famasi anndan rezo a. Si yo fè sa, di famasyen an ou gen yon dosye konpansasyon yon travayè; famasi a pral voye bòdwo a bay konpayi asirans lan dirèkteman. Pa gen okenn kopeman. Sepandan, famasi a ka mande w pou peye pou preskripsyon an lè li ba w medikaman an. Konpayi asirans la dwe ranbouse ou konfòmeman ak regleman ak frè famasi yo. Ou pa oblige sèvi ak famasi rezo konpayi asirans ou a nan yon ijans medikal epi ou pa oblige resevwa preskripsiyo yo pa kòmand lapòs. Yon famasi rezo dwe nan yon limit 15 mayl ak lakay oswa travay ou si w ap viv nan yon zòn riral, oswa nan yon limit senk (5) mayl si kay ou se yon vil enkòpore oswa vilaj ki gen yon popilasyon 2,500 moun oswa plis.

## KALITE SÈVIS KI GARANTI

Medikal ak Osteyopati	Sikolojik (ak referans)	Swen nan Lopital	Swen Enfimyè
Swen dan	Tretman Kiwopratik	Egzamen Laboratwa	Ekipman pou Operasyon
Doktè Pye	Operasyon	Medikaman sou Preskripsiyo	Aparèy Pwostetik



## REYABILITASYON & TRAVAY SOSYAL

Sèvis reyabilitasyon yo ede moun retounen nan travay, ak viv yon vi ki konplè ak aktif. Nou chak sèvis espesifik anba la a.

- **Reyabilitasyon Pwofesyonèl:** Reyabilitasyon pwofesyonèl ede moun ak andikap ki anpeche yo retounen nan travay nòmal yo. Konseye Konsèy yo ede travayè ki te pran chòk jwenn travay ki adapte ak kapasite yo. Epi tou yo ede devlope yon plan pou retounen nan travay. Sa ka gen ladan konsèy pwofesyonèl ak referans pou fòmasyon ak plasman travay selektif.
- **Travayè Sosyal yo:** Travayè sosyal Konsèy yo ede moun lè pwoblèm fanmi oswa lajan fè yo pa ka retounen yo nan travay. Travayè sosyal Konsèy yo ede moun fè fas ak andikap yo epi diskite sou enkyetid yo pou reyabilitasyon. Epi tou yo ede travayè yo prepare pou retounen nan travay.

Komisyon an gen konseye, travayè sosyal ak eggzaminatè reklamasyon ki kowòdone epi fè swivi ak sèvis reyabilitasyon medikal ak fizik. Si ou te kapab benefisyé nan sèvis sa yo, kontakte Komisyon an.

## GID POU TRETMAN MEDIKAL

Tretman pou sèten pwoblèm sante ak chòk nan yon pati nan kò a patikilye (do, kou, jenou, zepòl, kapa tinèl, doulè ki pa grav) garanti anba Gid Tretman Medikal Komisyon an. Nou te kreye Gid pou garanti ou jwenn pi bon swen medikal posib pou chòk ou a, pou w ka vin anfòm, retounen travay epi kontinye viv vi ou. Gid sa yo kore ak done syantifik pi solid ki disponib. Yo te devlope ak ekspètiz doktè toupatou nan peyi a ki espesyalize nan ede moun ki te pran chòk nan travay. Gid yo ka redwi pwoblèm paske pifò nan tretman ki rekòmande yo otorize davans. Sa vle di mwens tan ap tann pou tretman - konsa ou ka kòmanse santi pi byen pi bonè.

Pwofesyonèl swen sante swen ou ap konnen ki chòk ak maladi yo adresse nan Gid Tretman Medikal la. Yo pral asire tretman ou nan menm liy ak pi bon pratik ki ladan yo.

Si ou bezwen èd jwenn yon pwofesyonèl swen sante otorize, tanpri kontakte **Biwo Direktè Medikal la** nan **(800) 781-2362**.

## SWEN ANDEYÒ ETA NEW YORK:

Reklamasyon w lan ap kontinye menm si ou deyò Eta New York. W ap p bezwen jwenn pwofesyonèl swen sante nan lòt eta ki vle aksepte frè New York al epi trete an akò avèk Gid Tretman Medikal Eta New York la.

## RANBOUSMAN POU DEPLASMAN

Ou ka resevwa ranbousman pou mileyaj, transpò publik oswa lòt depans nesesè ou te fè lè ou te deplase pou resevwa tretman an. Soumèt resi pou depans sa yo chak sis (6) mwa oswa pi souvan, ba konpayi aspirans la sou fòm **Dosye Medikal ak Depans Vwayaj Moun ki Reklame a ak Demann pou Ranbousman (Claimant's Record of Medical and Travel Expenses and Request for Reimbursement) (Fòm C-257)**, disponib sou sitwèb Komisyon Konsèy la.

## ASISTANS AK LANG

Konsèy la ap tradui dokiman yo nan nenpòt lang ou bezwen. Epit tou li pral òganize yon entèprèt pou odyans ou a, epi l ap toujou gratis. Tanpri rele **(877) 632-4996** pou fè aranjman pou tradiksyon oswa entèpretasyon.

**Vizit : [wcb.ny.gov](http://wcb.ny.gov)**

**Rele : (877) 632-4996**

**Imèl : [General\\_Information@wcb.ny.gov](mailto:General_Information@wcb.ny.gov)**

Komisyon Konpansasyon Eta New York pwoteje dwa anplwaye yo ak patwon yo lè nou asire moun ki pran chòk oswa ki malad touche avantaj yo kòmsadwa, epitou lè nou ankouraje respè lalwa. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Komisyon Konpansasyon Travayè a, ale sou sitwèb wcb.ny.gov.

